

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK JEYOGRAFI
JENERAL****Mèkredi, 15 Jen 2011 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman**

Non Elèv _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I a a gen 50 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Seksyon A nan Pati III a gen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Seksyon B nan Pati III a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou p ap jwenn nòt pou li.


PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Eksplikasyon (1-50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.



Sous: *The Nystrom Atlas of World History* (adapte)

1 Kat jeyografik sa a montre relasyon ant

- (1) relijyon ak gouvènman
- (2) travay nan fè ak komès trans-saharyen
- (3) imen ak anviwònman
- (4) mouson ak inondasyon

2 Ki pwosesis ki endike sou kat jeyografik sa a?

- | | |
|-----------------------|----------------------------|
| (1) nasyonalizasyon | (3) ibanizasyon |
| (2) divilgasyon kilti | (4) estratifikasyon sosyal |


3 Yon ekonomis ki te konsantre sou sosyete antik ta pi ka etidye

- (1) devlopman komès
- (2) evolisyon modèl fanmi
- (3) efè dife sou lavi moun
- (4) wòl relijyon nan sivilizasyon vale rivyè yo

4 Lè ou konnen latitud yon kote sa ta pi ka itil ou pou detèmine

- | | |
|---------------|----------------|
| (1) lang | (3) popilasyon |
| (2) tanperati | (4) tan |

Sèvi ak foto ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 lan.



Konpilasyon Kòd Jistinyen



Konstriksyon Ipodwòm



Rekonstwiksyon Hagia Sophia

5 Yo te devlope kontribisyon kiltirèl ki endike nan foto sa yo pandan

- (1) sivilizasyon mezopotamyen
- (2) Pax Romana
- (3) dinasti Tang
- (4) Lanpi Bizanten

Sèvi ak pasaj ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 6.

...Yo te kite ti fi a ak de (2) lòt timoun sou tèt yon montay pou yo sikonbe [vin viktim] nan freda a kòm òf machandiz, dapre akeyològ ki te jwenn kadav momifye yo nan Ajantin nan ane 1999....

— "Frozen Inca Mummy Goes On Display,"
National Geographic News,
11 septanm 2007

6 Pasaj sa a pi byen montre wòl akeyològ yo nan

- (1) entèpretasyon prèv
- (2) defye koutim
- (3) klasman objè fabrike
- (4) planifikasyon ekspedisyon

7 Ki deklarasyon konsènan Revolisyon Neyolitik ki se yon pwendvi alapas yon reyalyte?

- (1) Moun ki te la anvan yo te fè gwo avans kiltirèl pase moun sivilizasyon apre yo.
- (2) Revolisyon Neyolitik la te lakòz chanjman pou pèp nomadik yo.
- (3) Yo te devlope nouvo teknoloji pandan Revolisyon Neyolitik la.
- (4) Devlopman agrikòl yo te lakòz kreyasyon vilaj pèmanan.

8 Konsèp zewo, devlopman sistèm kas la, ak kreyasyon sistèm desimal la pi ka pi asosye sitou avèk

- (1) Lanpi Enka
- (2) chogoun Tokugawa
- (3) dinasti Song
- (4) Lanpi Gupta

9 Pandan Mwayennaj Ewopeyen an, yo te kreye asosyasyon yo pou

- (1) jwenn pi bon kondisyon travay nan izin yo
- (2) estandadize machandiz yo ak pri yo
- (3) kontwole òf monetè a
- (4) ogmante konpetisyon

10 Ibn Battuta ak Mansa Musa te montre valè relijye yo lè yo te

- (1) medite toutolon riv Rivyè Ganges
- (2) konvèti Afriken yo nan Krisyanis
- (3) fè yon pelerinaj nan Lamèk
- (4) vizite miray lamantasyon yo nan Jerizalèm

11 Ki aksyon ki asosye avèk devlopman Lapès Nwa nan Ewòp pandan 14yèm syèk la?

- (1) komès avèk Azi
- (2) konkèt Japon
- (3) komès toupatou nan Sahara
- (4) eksplorasyon Emisfè Oksidantal

12 Ki yon ideyal ki te genyen nan limanis Renesans?

- (1) antrènman kòm chevalye epi pratik chevalri
- (2) obeyi vrè monak diven yo ak legliz
- (3) viv separe avèk lemond epi fè pwomès monastik la
- (4) fè rechèch nan zòn enterè epi satisfè posibilite yon moun

13 • Kapti vil Konstantinòp nan ane 1453
• Fè benefis nan komès rich toutolon Lanmè Meditèrane
• Anba dominasyon Suleiman the Lawgiver

Ki lanpi ki pi byen asosye avèk deskripsyon sa yo?


- (1) Women
- (2) Otoman
- (3) Mongòl
- (4) Songhai

14 Yon fason dinasti Ming nan kòmansman ane 1400 yo ak monachi panyòl la nan fen ane 1400 yo sanble sèke toulède gouvènman yo

- (1) te sipòte divèsite relijye
- (2) te ankouraje refòm demokratik
- (3) te bay enpòtans pou dwa egale pou fanm yo
- (4) te sipòte devlopman komès avèk peyi etranje

Sèvi ak dyagram ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 15.

Estrikti Sosyal Koloni Panyòl



Sous: Goldberg and DuPré, *Brief Review in Global History and Geography*, Prentice Hall, 2002 (adapte)

15 Ki konklizyon konsènan kolonyalis panyòl nan Amerik yo ou ka fè nan dyagram sa a?

- (1) Yon ti kantite moun nan popilasyon an te gen pi gwo pouvwa.
- (2) Afriken yo ak Ameriken natifnatal yo te pisan sou plan politik.
- (3) Moun ki t ap viv nan penensil yo te fòm majorite popilasyon an.
- (4) Metis yo ak milat yo te kontwole pifò tè ki nan koloni yo.

16 Ki yon efè ki te genyen nan echanj kolonbyen sou sosyete ewopeyen an?

- (1) Migrasyon nan Amerik yo te diminye.
- (2) Yo te achte cheval pou premye fwa.
- (3) Popilasyon an te ogmante avèk entwodiksyon nouvo manje.
- (4) Legliz Kreyen te separe an Legliz Katolik ak Legliz Otodòks.

17 Pandan Premye Laj Global la (Aprè Jezi-Kri 1450–1770), peyi ewopeyen yo te jwenn yon sous matyè premyè ak yon mache fyab pou pwodui fini yo lè yo te devlope

- (1) politik mèkantilis la
- (2) prensip lesefè
- (3) koperativ komèsyal
- (4) fò toutolon Wout-an-Swa yo

18 Yon fason Akbar the Great, Ivan the Terrible, ak Louis XIV sanble sèke yo tout te

- (1) dirijan teyokratik
- (2) lidè eli
- (3) dirijan absoli
- (4) tiran eklere

19 “Revolisyon Franse pi enpòtan poutèt li te chanje sijè an sitwayen.”

Deklarasyon konsantre sou chanjman ant

- (1) tradisyon relijye ak valè layik
- (2) vrè dirijan diven ak patisipasyon moun nan gouvènman
- (3) mòdvi riral ak mòdvi iben
- (4) posesyon pwopriyete prive ak posesyon gouvènman


20 Ki kondisyon jeyografik ki te lakòz defèt twoup Napoleyon pandan envazyon Lawisi a?

- (1) sechrès
- (2) tifon
- (3) gwo inondasyon
- (4) livè difisil

21 Yon rezon pou migrasyon anmas anpil Ilandè nan Amerik-di-Nò nan 19yèm syèk la se te

- (1) yon seri rekòlt defisitè
- (2) aplikasyon yon sèvis militè
- (3) lagè sivil nan Ilann
- (4) yon deklanchman malarya

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22.



22 Ki tit ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- (1) Rezon pou Mouvmant pou Endepandans Amerik Latin
- (2) Konsekans Revolisyon Syantifik
- (3) Kòz Revolisyon Endistriyèl
- (4) Rezilta Nasyonalis nan Ewòp


23 Ki deklarasyon ki pi byen montre yon konsekans Enperyalis la nan Afrik?

- (1) Yo te distribye tè egalego ant klas sosyal yo.
- (2) Divizyon teritwa yo te sitou kreye avèk fwontyè tribi yo.
- (3) Yo te eksplwate resous natirèl yo pou avantaj pouvwa ewopeyen yo.
- (4) Timbuktu te vin sant gwo aprantisaj.

24 Ki evènman yo konsidere kòm kòz imedyat Premye Gè Mondyal?

- (1) siyati Trete Vèsay
- (2) Almay te anvayi Polòy
- (3) ansasinay Akedik Francis Ferdinand
- (4) Almay te itilize lagè soumaren san restriksyon

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.



Sous: The History Department at the United States Military Academy (adapte)

25 Selon enfòmasyon ou jwenn sou kat jeyografik sa a, kijan adopsyon politik apezman Konferans Minik lan nan mwa septanm 1938 te chanje Ewòp?

- (1) Lafrans te okipe Renani.
- (2) Yo te bay Almay Sudetenland.
- (3) Almay te transfere kontwòl Memel ba Lityani.
- (4) Otrich te vin yon eta endepandan.

26 Ki refòm ki te fè pati nan efò Atatürk pou modènize Latiki?

- (1) re-entwodiksyon lwa islamik sevè
- (2) akòde dwa pou fanm yo vote
- (3) adopsyon ekriti arab
- (4) egzije gason yo pou yo mete yon fèz

27 Ki lidè politik ki te vin gen pouvwa akòz bèss ekonomik Repiblik Weimar?

- | | |
|----------------------|-----------------------|
| (1) Adolf Hitler | (3) Benito Mussolini |
| (2) Francisco Franco | (4) Charles de Gaulle |

- 28 Pandan Gèfwad la, nasyon yo te adopte yon politik non-aliyman ki endike yo
- (1) pa ta dwe konsène nan desizyon Nasyonzini
 - (2) ta dwe mete restriksyon sou komès avèk peyi vwazen yo
 - (3) ta dwe rejte trete entènasyonal sou anviwònman yo
 - (4) ta dwe swiv yon pwosesis apa avèk sipè-puisans yo
- 29 Itilizasyon Plan Machal nan Ewòp-de-Lwès apre Dezyèm Gè Mondyal te ogmante fòs
- (1) demokrasi
 - (2) kominis
 - (3) izolasyonis
 - (4) otokrasi
- 30 Kisa ki te yon rezilta dirèk Kat (4) Modènizasyon Deng Xiaoping te entwodui nan Lachin?
- (1) Libète lapawòl te garanti.
 - (2) Byen ak sèvis te distribiye egalego.
 - (3) Opòtinite ekonomik te ogmante.
 - (4) Yo te pwodui yon ti kantite byen konsomasyon.
- 31 Ki pè peyi ki te vin gen endepandans yo nan 20yèm syèk la ki te fè eksperyans migrasyon anpil milyon moun sou fwontyè komen yo akòz tansyon relijye?
- (1) Repiblik Tchèk ak Eslovaki
 - (2) Kazakstan and Ouzbekistan
 - (3) Ejipt ak Libi
 - (4) Lenn ak Pakistan
- 32 Yon objektif fondamantal relijye tan modèn yo se pou
- (1) melanje ansèyman relijye Islam ak Krisyanis
 - (2) konsève valè relijye tradisyonèl yo nan sosyete a
 - (3) ankouraje pratik lòt relijyon yo
 - (4) adopte atitud layik alapas kwayans relijye
- 33 Kisa manm Inyon Ewopeyen (EU) ak peyi Akò Amerik-di-Nò pou Echanj Lib (NAFTA) te eseye fè?
- (1) redui baryè komèsyal rejyonal
 - (2) vin gen monopòl pwodiksyon fè ak asye
 - (3) kreye bitasyon angwoup
 - (4) pran kontwòl pwodiksyon ak distribisyon resous yo

Sèvi ak komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34.



Sous: Brian Barling, *Christian Science Monitor*, 25 avril 2008

- 34 Ki lide prensipal komik sa a?
- (1) Gen twòp pwodiksyon petwòl
 - (2) Demann pou petwòl depase pwodiksyon an.
 - (3) Fosil konbistib yo pa distribiye egalego.
 - (4) Demann gwoup anviwònman global yo te ogmante.
-
- 35 Dezi Kid yo ak Palestinyen yo pou eta endepandan yo baze sou prensip
- (1) echanj lib
 - (2) nasyonalis
 - (3) sekirite kolektif
 - (4) modènizasyon
- 36 Ki lidè ki pi asosye sitou avèk Desmond Tutu ak F. W. de Klerk?
- (1) Jomo Kenyatta
 - (2) Kwame Nkrumah
 - (3) Nelson Mandela
 - (4) Jawaharlal Nehru
- 37 Depi fen Gèfwad la, kisa ki te premye kòz konfli yo nan Tchecheni, Azèbidjan ak Bosni?
- (1) tansyon relijye ak etnik
 - (2) adopsyon kapitalis
 - (3) move swen sante ak grangou
 - (4) efò pou Wisifikasyon

Sèvi ak komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 38.



Sous: Arcadio, *La Nacion*, March 4, 2002

38 Ki tit ki pi byen dekri pwendvi desinatè imoristik la konsènan globalizasyon?

- | | |
|---------------------------|-------------------------------|
| (1) Devlope Toupre Ansanm | (3) Yon Mirak Ekonomik |
| (2) Wout pou Estabilite | (4) Yon Trajektwa ki pa Sèten |

39 Pwent Sid Sahara a ap agrandi nan yon pwosesis ki rele

- | | |
|-----------------|--------------------|
| (1) aneksyon | (3) dezètifikasyon |
| (2) konsèvasyon | (4) desalman |

40 Kòd Hammurabi ak Douz Tab Wòm se egzanp

- (1) lwa ki ekri
- (2) règ kondui relijye
- (3) sanksyon ekonomik
- (4) konstitisyon bonè yo

41 Kimoun ki asosye kòrèkteman avèk yon moun ki te devlope lide li yo annapre?


- (1) Pope Urban II → Martin Luther
- (2) Nicolaus Copernicus → Galileo Galilei
- (3) Hernando Cortez → Simón Bolívar
- (4) Louis XVI → Maximilien Robespierre

42 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- | |
|------------------------------|
| I. _____ |
| A. Sove nan opresyon feyodal |
| B. Vin gen lesali sou peche |
| C. Re-kaptire Tè Sent |

- (1) Objektif Hans Tetonik
- (2) Rezon pou Ewopeyen yo Fè Lagè kont Kwazad yo
- (3) Rezilta Reconquista
- (4) Bi Charlemagne

Sèvi ak dyagram ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43.



43 Ki filozofi chinwa ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- | | |
|-------------|-----------------|
| (1) Mawoyis | (3) legalis |
| (2) Dawoyis | (4) Konfisyanis |
-

44 Deklarasyon Dwa Moun Angle ak filozofi politik John Locke sipòte lide yon

- (1) gouvènman kowalisyon
- (2) diktati fachis
- (3) diktati maksis
- (4) gouvènman limite

45 Ki lide ki asosye kòrèkteman avèk yon dokiman ki sipòte li?

- (1) kolonyalis — *Prens lan*
- (2) militaris — *Rapò Sadler*
- (3) kapitalis — *Richès Nasyon yo*
- (4) monoteyis — *Manifès Kominis*

46 Yon objektif Kongrè Vyèn se te pou

- (1) kreye yon nouvo ekilib pouvwa nan Ewòp
 - (2) pwoteje Ewòp kont avans Otoman
 - (3) mete yon pwen final nan abi nan Legliz Katolik
 - (4) re-trase fwontyè Afrik
-

47 Sèvis transpò nan ane 1800 se te yon revolisyon avèk devlopman

- | | |
|--------------|----------------------|
| (1) karavèl | (3) avyon |
| (2) astwolab | (4) lokomotiv-a-vapè |

Sèvi ak pasaj ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 48.

...Kidonk pandan mwen sou yon bò dezobeyisans sivil otorize dezobeyisans lwa enjis oswa lwa imoral yon eta yon moun ap chèche kapote, sa mande soumisyon dosil ak volontè nan sanksyon dezobeyisans epi kidonk akseptasyon rekonfòtan disiplin prizon ak difikilte santinèl li yo....

48 Kimoun ki se otè pasaj sa a?

- | | |
|-----------------------|------------------|
| (1) Otto von Bismarck | (3) Ho Chi Minh |
| (2) Mohandas Gandhi | (4) Fidel Castro |
-

49 Ki konfli ki te pi asosye sitou avèk evènman yo nan Nanjing, Dunkirk, ak Hiroshima?

- | | |
|-------------------------|-----------------------|
| (1) Revolisyon Ris | (3) Dezyèm Gè Mondyal |
| (2) Revolisyon Kiltirèl | (4) Lagè Koreyen |

50 Liy imajinè ki separe peyi Ewòp-de-Lwès yo ak peyi Ewòp-de-Lès yo apre Dezyèm Gè Mondyal la te rele

- | | |
|----------------------|-----------------|
| (1) premye meridyen. | (3) Rido Fè |
| (2) liy demakasyon | (4) Miray Bèlen |

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon an nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa a:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a ak yon konklizyon.

Tèm: Teknoloji

Atravè listwa, sosyete yo te devlope inovasyon teknolojik enpòtan. Inovasyon teknolojik sa yo te gen efè pozitif ak negatif sou yon sosyete oswa sou limanite.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** inovasyon teknolojik epi pou **chak**

- Diskite sou rezon ki fè inovasyon teknolojik la te enpòtan pandan yon peryòd tan espesifik
- Diskite sou efè pozitif **ak/oswa** negatif inovasyon teknolojik sa a te genyen sou yon sosyete oswa sou limanite

Ou kapab itilize nenpòt inovasyon teknolojik nan etid istwa jeneral ou. Pami kèk sijesyon ou ta ka konsidere genyen sistèm irigasyon, etriye, astwolab, près, sistèm izin, zam nikleyè, pestisid chimik, ak satelit yo lanse nan lesplas.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa itilize Etazini kòm objektif repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li. Kesyon an la pou teste konesans ou pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Atravè listwa, gouvènman yo te adopte politik oswa yo te pran mezi ki te lakòz yo te bay refi dwa moun pou sèten gwoup. Pami gwoup sa yo, genyen **Ikrenyen**, **Kanbodjyen**, ak **Wandè**. Refi dwa moun sa a te gen yon konsekans sou rejyon kote sa te fèt la ak sou kominote entènasyonal la.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** gwoup ki endike nan kontèks istorik kote yo te bay refi pou dwa moun epitou pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz refi pou dwa moun gwoup sa a
- Eksplike kijan yon politik oswa yon mezi espesifik te lakòz refi pou dwa moun gwoup sa a
- Diskite sou konsekans refi dwa moun sa a te gen yon rejyon kote sa te fèt la ak/oswa sou kominote entènasyonal la.

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “ilistre yon gaya an mo oswa di kichòy sou li”
- (b) **Eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon pou sa; montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

...Stalin te monte sou pouvwa apre lanmò Lenin nan ane 1924, kote li te jwenn yon gouvènman ki te toujou ap goumen pou kontwole yon lanpi difisil pou manipile. San pèdi tan, nouvo premye [lidè] a te mete atansyon li sou Ikrèn, pi gwo ak pi dezagreyab nan repiblik sovyetik non-ris yo. Ikrenyen yo se te yon pèp trè endepandan, sa ki te fè yo pa okipe enstriksyon Moskou yo, epitou yo te toujou vle mennen mòdvi endividyèl ak agrè yo.

Lespri endepandan sa a te lakòz yo gen yon pwoblèm. Nan yon moman lè Stalin te vle bati yon baz endistriyèl solid, yo te gen atachman nan tradisyon peyizan rural yo. Nan yon moman lè li te vle kreye pwopriyete prive tè, yo te refize remèt bitasyon yo. An rezime, Ikrenyen yo te vin yon menas pou revolisyon an....

Sous: Linda Jacobs Altman, *Genocide: The Systematic Killing of a People*, Enslow Publishers

- 1 Kisa ki te **yon** fason kote pèp ikrenyen an te yon menas pou pouvwa Stalin nan selon Linda Jacobs Altman? [1]

Score

Dokiman 2

Nan ane 1929, politik Stalin adaptasyon kolektif total te gen konsekans katastwofik sou rannman agrikòl la. Li te ogmante kantite sereyal ki dwe sòti nan Ikrèn pou ekspòtasyon. Mezi te lakòz grangou pami peyizan ikrenyen yo ak rezistans pami pwopriyetè tè yo.

Sa ki ajoute nan kontrandi [6 desanm 1932] Politburo [reyinyon] Nimewo 93.

Komite Komisè Pèp la ak Komite Santral la deside:

Mete vilaj sa yo sou lis nwa pou deranjman manifès plan koleksyon sereyal epi pou sabotaj mechan, kulak 9rich kiltivatè ikrenyen] yo te òganize ak eleman kont-revolisyonè yo: . . .

Mezi sa yo ta dwe pran anrapò avèk vilaj sa yo:

1. Entèripsyon imedyat [sispansyon] livrezon machandiz, sispansyon konplè koperativ ak komès leta nan vilaj yo, epi deplasman tout machandiz disponib yo nan koperativ yo ak nan magazen leta....

Komite Komisè Pèp la ak Komite Santral la mande pou tout kiltivatè kolektif ak kiltivatè prive ki onè ak devwe pou dominasyon sovyetik la pou òganize tout efò yo pou yon batay san pitye kont kulak yo ak konplis yo pou yo kapab: pote laviktwa nan vilaj yo sou sabotaj kulak yo fè sou koleksyon sereyal yo; satisfè obligasyon koleksyon sereyal yo avèk onètete ak konsyans pou otorite sovyetik yo; epitou ranfòse kiltivatè kolektif yo.

*PREZIDAN KOMITE KOMISÈ PÈP LA REPIBLIK SOSYALIS SOVYETIK IKRENYEN
KONT CHUBAR.*

SEKRETÈ KOMITE SANTRAL PATI KOMINIS (BÒLCHEVIK) UKRAINE S. KOSIOR.

6 desanm 1932.

Sous: Soviet Archives Exhibition, Library of Congress

2 Selon dokiman sa a, ki **yon** aksyon gouvènman sovyetik la te pwopoze pou aplike politik adaptasyon kolektif li ak kota sereyal yo? [1]

Score

Dokiman 3

Sa a se yon ekstrè nan yon diskou Dr. Oleh W. Gerus te fè nan ane 2001 nan inogirasyon yon moniman nan Manitoba, Kanada, pou viktim jenosid grangou yo nan Ikrèn.

...Kisa ki te konsekans istorik Gwo Jenosid Grangou a?

Lè grangou a ravaje andeyò peyi a, non sèlman grangou a te detwi anpil milyon kreyati vivan inosan ki te estime ant 4 a 10 milyon, men li te retade [ralanti] evolisyon natirèl [devlopman] sitiyoasyon nasyonal ikrenyen nan anpil jenerasyon. Valè lespwa ikrenyen tradisyonèl la, endividyalism ak travay di te disparèt. Laperèz, parès ak alkolis te vin karakteristik bitasyon kolektif la. Vil Ikrèn yo te rete bastyon [fyèf] Wisifikasyon. Anjeneral, sivivan twomatize yo te jwenn tèt yo san vwa nan angrenaj gwo machin biwokratik Inyon Sovyetik te tounen an....

Sous: Dr. Oleh W. Gerus, "The Great Ukrainian Famine-Genocide,"
Centre for Ukrainian Canadian Studies, University of Manitoba, August 4, 2001

3 Kisa ki te **de** (2) konsekans gwo jenosid grangou nan Ikrèn dapre Oleh W. Gerus? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Nan ane 1970, Lon Nol te kapote Prens Norodom Sihanouk epi li te vin lidè Kanbòdj. Lagè Vyetnam te destabilize gouvènman Kanbòdj la epi Lon Nol te itilize sitiyaasyon sa a pou pran pouvwa a.

...Envazyon Richard Nixon nan mwa me 1970 nan Kanbòdj (te pran san enfòmè nouvo gouvènman Lon Nol) te vini apre envazyon fòs Saigon yo ak fòs Kominis Vyetnam yo anmenmtan. Sa te kreye 130,000 nouvo refijye Ekmè 9pèp montay kanbodjyen], selon Pentagòn. Nan ane 1971, 60 pousan refijye yo te kesyone nan vilaj Kanbòdj yo te konsidere bonbadman Etazini an kòm kòz prensipal dep拉斯man yo. Bonbadman Etazini nan zòn andeyò Kanbòdj te kontinye jouk nan ane 1973, lè Kongrè a te enpoze yon sispansyon. Yo te lage prèske mwatye nan 540,000 tòn bonm yo nan sis (6) dènye mwa yo.

Nan sann Kanbòdj riral la, Pati Kominis Kampuchea (CPK) Pol Pot la te parèt. Li te itilize dega bonbadman an ak masak sivil yo kòm pwopagann rekritman ak kòm yon eskiz pou politik brital ak radikal li yo, ak epirasyon li te fè sou Kominis ak Sihanoukis yo. Sa parèt aklè nan dokiman gouvènman kontanporen Etazini ak nan antrevi ki te fèt nan Kanbòdj avèk peyizan sivivan bonbadman an....

Sous: Ben Kiernan, *The Pol Pot Regime: Race, Power, and Genocide in Cambodia under the Khmer Rouge, 1975–1979*, Yale University Press (adapte)

4 Dapre Ben Kiernan, ki **de (2)** pwoblèm Kanbòdj te genyen pandan rèy Lon Nol ki te pèmèt Pol Pot monte sou pouvwa? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5

Pol Pot te monte sou pouvwa a nan mwa avril 1975. Li te kapote Lon Nol nan yon koudeta epitou li te eseye kreye yon sosyete agrè itopik.

...Li [Pol Pot] te kòmanse deklare, “Sa se Ane Zewo,” epi sosyete a te pral “pirifye.” Kapitalis, kilti oksidantal, lavi nan vil, relijyon ak tout enfliyans etranje yo te dwe distenge anfavè yon fòm ekstrèm kominis peyizan.

Answit, yo te mete tout etranje yo deyò, yo te fèmen anbasad yo, epitou yo te refize nenpòt asistans ekonomik oswa medikal etranje. itilizasyon lang etranje te entèdi. Jounal ak estasyon televizyon te fèmen, yo te sezi radyo ak bisiklèt, epi te gen restriksyon sou itilizasyon kourye ak telefòn. Yo te entèdi lajan. Tout biznis te fèmen, yo te entèdi relijyon, yo te sispann rediksyon, yo te elimine swen sante, epi yo te anile otorite paran. Answit, Kanbòdj te fèmen avèk lemonn eksteryè.

Yo te fè moun yo deplase avèk lafòs nan tout vil Kanbòdj yo. Nan Phnom Penh, de (2) milyon abitan te deplase apye pou ale nan andeyò peyi avèk zam pwente sou yo. Apeprè 20,000 te mouri pandan deplasman an....

Sous: The History Place, *Genocide in the 20th Century: Pol Pot in Cambodia 1975-1979*

5 Selon atik Plas Istwa sa a, ki **yon** mezi gouvènman Pol Pot te pran ki te lakòz dirèkteman vyolasyon dwa moun kont pèp Kanbòdj la? [1]

Score

Dokiman 6

Teeda Butt Mam se yon sivivan Ekmè Wouj. Pasaj sa a se yon kontrandi kle eksperyans li nan Kanbòdj.

...Mwen te vwayaje avèk fanmi mwen sòti nan mitan peyi an pou ale sou fwontyè Taylann. Li te akablan pou konstate destwiksyon peyi mwen ki te fèt nan sèlman kat (4) ane. Tanp boudis yo te tounen prizon. Yo te sakaje estati Bouda yo ak travay atizana. Lekòl yo te tounen katye jeneral Ekmè Wouj kote yo t ap entèwoje, maltrete, touye ak antere moun. Lakou lekòl yo te tounen chan ansasinay. Ansyen espas mache yo te vid. Yo te boule liv yo. Yo te kite izin yo wouye. Plantasyon yo pa t jwenn antretyen epi yo pa t pwodui fwi....

— Teeda Butt Mam

Sous: Teeda Butt Mam, "Worms from Our Skin," *Children of Cambodia's Killing Fields*, Yale University Press

6 Dapre kontrandi kle sa a, ki **de (2)** rezilta dominasyon Ekmè Wouj te bay nan Kanbòdj? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7

Nan ane 1998, Prezidan Bill Clinton te vwayaje pou ale nan Wanda pou rann omaj Amerik pou moun ki te soufri ak mouri nan jenosid Wanda a. Pandan vizit la, yo te òganize yon deba epi *Frontline* te difize li annapre. Sa se yon ekstrè nan transkripsyon emisyon an.

...**NARATÈ:** Nan ane 1993, Wanda, youn nan pi piti peyi Afrik ki gen sèlman sèt (7) milyon sitwayen, se te yon peyi ki te gen gwo pwoblèm avèk yon pase trè twouble. Kèk peryòd dizan anvan, anba dominasyon kolonyal, Bèlj yo te itilize Toutsis yo, aristokrasi wandè a, pou ranfòse dominasyon yo sou majorite outou a, ki te kiltivatè pòv yo sitou.

PHILIP GOUREVITCH, “The New Yorker”:

Bèlj yo te kreye yon lide kote Toutsis yo te ras siperyè, Outou yo te yon ras enferyè. Epi yo te bay kat idantite etnik. Menm jan nan Afrik-di-Sid, yo te enpoze yon sistèm tankou apated la. Tout privilèj yo te pou minorite Toutsis yo, epi majorite Outou a te prèske nan esklavaj.

Nan endepandans lan nan fen ane 1950 yo ak nan kòmansman ane 1960 yo, sistèm sa a te ranvèse. Majorite Outou yo te revòlte, yo te pran pouvwa a, nan non dominasyon majorite ki te enpoze nan yon sistèm tankou apated la nan sans envès ak maltrete Toutsis yo anpil.

NARATÈ: Akòz diskriminasyon ak ogmantasyon vyolans Outou yo, pifò Toutsis yo te sove pou ale nan peyi vwazen yo, kote yo te fòme yon fòs lame geriya, Fwon Patriyotik Wandè.

Nan ane 1990, Toutsis rebèl yo te anvayi Wanda epi yo te fòse chita-pale pou lapè avèk Juvenal Habyarimana, prezidan Outou a. Habyarimana, limenm, te gen anpil dezi pou rete sou pouvwa a. Poutèt sa, li te siyen yon trete pou lapè kote li te dakò pou pataje pouvwa a avèk Toutsis yo....

Sous: “The Triumph of Evil,” *Frontline*, January 26, 1999

7 Dapre ekstrè nan transkripsyon *Frontline* sa a, ki **de (2)** kòz konfli ant Outou yo ak Toutsis yo nan Wanda? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 8

Aprè ansasinay Prezidan Juvenal Habyarimana nan dat 6 avril 1994, Outou radikal yo te eseye egzèsè kontwòl yo sou Wanda.

...Ofisyèl Outou ki te pran kontwòl gouvènman an te òganize ansasinay [Toutsy yo] toupatou nan peyi a. Yo te itilize radyo gouvènman ak laprès gouvènman an t ap dirije pou fè sa. Yo te itilize tou jounal prive ak yon estasyon radyo prive, ki rele Radyo Televizyon des Mille Collines (RTLM). RTLM te mande popilasyon an pou chèche “lennmi” yo epi pou touye yo. Toutsy ak Outou [ki kont gouvènman an] ki te kapab, te sove ale pou sekirite yo nan peyi vwazen yo, nan Ewòp, oswa nan Kanada ak nan Etazini. Pandanstan, lè ansasinay yo te kòmanse, RPF [Fwon Patriyotik Wandè Toutsy yo t ap dirije] nan Ouganda te anvayi Wanda ankò....

Sous: Aimable Twagilimana, *Teenage Refugees from Rwanda Speak Out*,
Globe Fearon Educational Publisher

8 Dapre Aimable Twagilimana, ki **yon** mezi ofisyèl Outou yo te pran kont “lennmi” yo? [1]

Score

Dokiman 9a


...Pandan jenosid la, yo te ansasinen prèske yon milyon moun, epi plis pase twa (3) milyon moun te sove pou ale nan lòt peyi, sa ki te kreye pi grav kriz refijye lemond pa t janm genyen. Answit sèlman Lwès te reponn, kote li te lanse pi gwo efò èd la nan listwa imen, ki te fini finalman dezan annapre nan mwa mas 1996. Yon ti tan apre, lagè te eklate nan plizyè peyi vwazen, sa ki te lakòz prèske tout refijye yo te retounen nan peyi yo nan ane 1997.

Aprè jenosid la, yo te fòme yon gouvènman Inite [nan Wanda], epi nan ane 200, Paul Kagame, ansyen dirijan RPF, te eli kòm prezidan tranzisyon. Answit, Kagame te eli pou yon manda regilye nan premye eleksyon nòmal peyi a nan ane 2003. Nasyonzini te kreye Tribinal Kriminèl Entènasyonal pou Wanda, ki t ap eseye jije ofisyèl Outou wo nivo yo pou krim kont limanite, alòske gouvènman lokal yo te itilize konsèy tribinal yo, ki rele *gacaca*, pou sanksyone apeprè 80,000 moun ki te patisipe nan jenosid la...

Sous: Terry George ed., *Hotel Rwanda*, Newmarket Press

Dokiman 9b

POPILASYON KAN REFIDIJE (Desanm 1994)



Sous: UN High Commissioner for Refugees, December 1994 (adapte)

9 Selon dokiman sa yo, endike **de (2)** konsekans jenosid la sou Wanda. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw ki sòti *nan omwen kat* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp, ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Atravè listwa, gouvènman yo te adopte politik oswa yo te pran mezi ki te lakòz yo te bay refi dwa moun pou sèten gwoup. Pami gwoup sa yo, genyen **Ikrenyen**, **Kanbodjyen**, ak **Wandè**. Refi dwa moun sa a te gen yon konsekans sou rejyon kote sa te fèt la ak sou kominote entènasyonal la.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote w ap

Chwazi **de (2)** gwoup ki endike nan kontèks istorik kote yo te bay refi pou dwa moun epitou pou **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz refi pou dwa moun gwoup sa a
- Eksplike kijan yon politik oswa yon mezi espesifik te lakòz refi pou dwa moun gwoup sa a
- Diskite sou konsekans refi dwa moun sa a te gen yon rejyon kote sa te fèt la ak/oswa sou kominote entènasyonal la.

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè sa ou gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti *nan omwen kat* dokiman
- Mete lòt enfòmasyon enpòtan ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm lan avèk reyalite, egzanzp, ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik ak klè, mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

